नेनाक बाइबिल
प्रस्तुति

# याकूब
# - धोखा
# देवअबाला



लेखक: Edward Hughes

सचित्र द्वारा: Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

रूपान्तरित: M. Kerr and Sarah S.

अनुवाद: Ashish Paul

तैयार भेल: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story,
as long as you do not sell it.



कि कहियो परमेश्वर अहाँक परिवार में नेन्हाक पठौने छथि ? इ कत्तैक उत्तेजनात्मक अछि ! इसहाक आओर रेबिका दुगुन्ना आनन्दित भेलीह। परमेश्वर हुनका जोड़वाँ नेन्हा देबअ जा रहल छलाह।

धियापुता रेबिकाक पेट में झगड़ा कऽ रहल छलाह। अऽ जहन हो प्रार्थना कएलीह तहन परमेश्वर हुनका सँ कहलिन अहाँक दुनों पुत दु राष्ट्रक अगुवाई करत। अऽ छोटका महान होयत, हलांकि पहिलौठा प्रायः महान होयत छथि। अन्ततोगत्त्वा दुनोंक जनम भेलिन।



जोड़वाँ एक समान नहि छल। ऐसाव जे जेठका रहैथि हुनक बाल बहुत बड़का बड़का रहिन अऽ ओ एकटा बुद्धिमान शिकारिक रूप में विकसित भेलाह। अऽ याकूब मुलायम चमड़ीबाला आओर घर के लग पास में काम करयवलाक रूप में बढ़लाह।

इसहाक एसाव सँ बहुत बेसी प्रेम करैत छलाह, आओर मेंए याकूबक पक्ष लैत छलीह।




एक रोज ऐसाव भूखल छलाह। ओ याकूब सँ कहलिन हमरा भोजन दिअ। अपन “जनमक अधिकारक बेचू“, याकूब एहि बातक मांग कएलिन। येसाव परमेश्वरक वाचाक जे पहिल जनमक सिद्धान्त छल बहुत बेसी ध्यान नँहि दैत रहैथि। ओ याकुबक संगे समझौता कएलखिंन्ह। जहन अब हुनक पिताजी कऽ मुत्यु भऽ जएतिन याकूब परिवारक अगुवाई करताह।



एक राति परमेश्वर इसहाक सँ कथा कएलिन। हम अहाँक पिता अब्राहमक परमेश्वर थिकहुँ, हम अहाँक संग में छी। “हम अहाँक वंशजक आशीष देब“।



ऐना तऽ इसहाक परमेश्वरक अराधना करैत छलाह, हुनक पुत येसाव हित्ती वंसजक दु कनिया सँ विवाह कऽ लेलखिंन्ह, एकटा एहन मनुख जे परमेश्वरक परवाह नहि करैत छलाह।





इसहाक बृद्ध भऽ गेलाह। ओ येसाव सँ ताजा मांस आनिबाक लेल कहलिन “आओर तहन हम अहाँक आशीष देब“। ई विशेष आशीष पिताक दिस सँ पहिने जनम लेबल पुतक लेल छल। येसाव शीघ्रता में शिकार करबाक लेल गेलाह। मुदा रेबिका एहि बात क सूनि गेलीह, अंऽ ओ याकूबक आशीष दिएबाक युक्ति में लागि गेलीह।



रेबिकाक लग में एकटा योजना रहिन। रेबिका इसहाक कऽ पसंदिदा भोजन जल्दी में तैयार कऽ देलीह याकूब अपन देहि पऽ येसावक अंगा कपड़ा धऽ लेलखिंन्ह, आओर बालदार पशुक चामक अपन हाथ अऽ अपन कान्हां पऽ राखि लेलखिंन्ह। इसहाक कऽ निक सँ दिखाई नहीं दैत रहिन, शायद हो हुनका धोखा दऽ सकैत छैलाह।

याकूब भोजनक इसहाकक कऽ लग में आनलखिंन्ह। इसहाक कहलखिंन्ह "अहाँक आबाज तऽ याकूबक जकाँ लागैत अछि, मुदा अहाँक हाथ तऽ येसावक जकाँ मालूम पड़ैत अछिभोजन करलाक बाद इसहाक अपन पुतक घुटना पऽ आएब का आशीष दऽ देलिन।







याकूबक गेलाक तुरंत बाद येसाव इसहाक लग में अएलाह। ओ कहलिन "ई अछि अहाँक भोजन" इसहाक एहि बातक जानि गेलाह जे हुनका धोखा देबल गेलिन अछि। "हम आशीषक तऽ नहि बदल सकैत छी" अओर जोर सँ चिकरलखिंन्ह येसाव कऽ हृदय में याकूबक प्रति बहुत गुस्सा आ घृणा भऽ गेलिन। ओ निर्णय लेलखिन्ह जे ओ याकुबक हत्या कऽ देथिंन्ह।

रेबिका येसावक धमकीक सुनि गेलीह। ओ याकूबक कहलीह “अपन चाचाक घर पऽ चलि जाऊ“ अऽ ओतो तबतक रहब जब तक कि अहाँक भाई एहि बातक बिसरा नहि जाएक जे अहाँ हुनका संगे कि कएलहुँ। इसहाक एहि बात पऽ तैयार भऽ गेलाह जे याकूबक घोरवाली हुनक मेंए कऽ खानदान सँ हुएक। तेँ याकूब घोर छोड़ि देलिन।




ओहि राति में याकूब पाथरक एकटा चट्‌टान कऽ तकिया बना कऽ सूतिबाक कोशिश कएलिन। शायद ओ असगरे रहैथि, शायद ओ डेराएल छलाह। मुदा ओ असगरे नहि रहैथि। परमेश्वर हुनका संगे एकटा अदभुत सपना कऽ द्‌वारा गप करलखिंन्ह।



“हम अहाँक पिता अब्राहम आओर इसहाक कऽ परमेश्वर थिकहुँ। हम अहाँक संग में छी। हम अहाँक एहि धरती कऽ दऽ देब। अहाँक परिवारक द्वारा दुनियाक हर परिवार आशीषित होयत“। परमेश्वरक बातचित करलाक बाद याकूबक निंद खूलगलिन। ओ डेराएल छलाह।

याकूबक चाचा हुनक स्वागत कएलिन।
याकूब अपन रिश्तेदार राहेल सँ खूब
प्रेम करैत छलाह तेँ द्वारें ओ
लावानक सेवा सात बरख धरि
कएलिन जाहि सँ ओ राहेलक
संगे विवाह कऽ पाबैथि मुदा



विवाहक राति में
लाबान याकूबक
धोखा दऽ देलिन।

“याकूब शिकायत कएलिन ई लिआ अछि राहेल नहि“ अहाँ हमरा संगे खेला कएलहुँ पहिनऽ तऽ बड़की बेटीक विवाह होयबाक चाहि। लाबान कहलिन। राहेलक संगे विवाह कऽ कऽ हमर आओर सात बरख तक सेवा करूं“ याकूब तैयार भऽ गेलखिंन्ह। शायद हुनका अपन बात याद भऽ गेलिन जे चलाँकि ओ इसहाक आओर



याकूब के संगे कएने रहैथि।

याकूबक ग्यारहटा बेटा रहिन।
जेना जेना साल बितैत गेलैक ओ
परिवारक कनान लऽ कऽ जएबाक
विषय में उपाय सोचअ लागलखिंन्ह।
हुनक माता पिता ओते रहिन। मुदा
यैसाव तऽ ओते रहैथि ओ हुनका
मरबाक लेल तैयार बैसल छैलाह।
कि इ सुरक्षित छल ?



एक रोज परमेश्वर हुनका घुरि कऽ अएबाक लेल कहलिन।
याकूब अपन परिवार अऽ रिश्तेदारक जौर कऽ कऽ घरक लेल बिदा भेलाह।



इ कतैक निक यात्रा छल। येसाव चारि सय लोकक संगे याकूब सँ भेंट करबाक लेल अएलाह। मुदा ओ याकूबक कोनो नुकसान नहि पहुँचौलखिंन्ह। ओ धौग कऽ याकूबक संगे भेंट करबाक लेल गेलाह अऽ हुनका सँ गला मिललखिंन्ह।



याकूब अऽ येसाव में पुनः
मेल मिलाप भऽ गेलनि
आओर अब याकूब अपन
घर में सुरक्षित छलाह।



# याकूब – धोखा देवअबाला

परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल

अहाँक ब्द

उत्पत्ति 25–33

ऋब्दका क और प्रवे करवैत अछि।
भजन संहिता 119:130

इति

इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिंमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।

परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिंमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिंमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहिं वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ारिं गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।

अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।

प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुन:यानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिंमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।

ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना 3:16